# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क महिला कल्याण, बाल विकास अउर पुस्टाहार मंत्री बेबीरानी मौर्य आजु लखनऊ में बाल कुपोसण के खिलाफ चलावल जा रहल राज्यव्यापी **सम्भव अभियान** के पचवां संस्करण क सुरूआति कइलिनि। अभियान क सुरूआति कइले के बाद बाल विकास मंत्री बतवलिनि कि अभियान क उद्देस्य प्रदेस के कुपोसित अउर अतिकुपोसित लइकन क पोसण कइ के उन्हें मुख्यधारा में ले आइल हौ। उहां के बतवलीं कि आंगनबाड़ी केन्द्र पर आवे वाले लइकन के स्वास्थ्य क परीक्षा कइल अउर उनके पढ़ाई पर धियान दीहल अभियान क लक्ष्य हौ।

***ये संभव अभियान बाल विकास पुष्टाहार विभाग और महिला कल्याण विभाग दोनो मिलके हम बच्चों के लिए करते हैं। ये तीन महीने चलता है। आज इसका शुभारंभ हुआ है और सितंबर के आखिरी में हम अंत करेंगे। ये अभियान हम इस लिए चलाते हैं कि हमारे उत्तर प्रदेश में जितने भी कुपोषित बच्चे हैं, अतिकुपोषित बच्चे है उनकों हम कैसे ठीक करे, कैसे मेन स्ट्रीम में लाए और जो आंगनवाड़ी केन्द्रो पर जो बच्चे आ रहे हैं, जा रहे हैं हमारे उनकी पढ़ाई उनके स्वास्थ्य की और उनको सही भोजन मिल रहा है कि नही जिससे उनका विकास अच्छी तरह हो सके। इसलिए यह अभियान हर साल चलाया जाता है।***

सम्भव अभियान क सुरूआति बरिस दुइ हजार एक्कइस में भइल रहे। अबले अभियान क चार गो संस्करण संचालित हो चुकल हवे।

**********

केन्द्रीय कृषि अउर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान देस में मकई क खेती के बढ़ावा देवे बदे बहु–हितधारक दृष्टिकोंण अपनवले क आवाहन कइले हवें। उहां के येह बाति पर जोर दिहलीं कि येह लक्ष्य के पूरा करे बदे राज्य अउर केन्द्र सरकार क वैज्ञानिकन, किसानन, कृषि विश्वविद्यालयन अउर उद्योगन के मिलि के काम करे के चाही। उहां के कहलीं कि मकई क उत्पादन अउरियो बढ़वले क जरूरति हौ।

***बंगाल में बिहार में प्रोडक्टिविटी एवरेज से ज्यादा है। ओवरऑल अभी और बढ़ाने की जरूरत है। हमको आईसीआर को धन्यवाद भी देना चाहिए कि मक्का की 265 अलग–अलग वैरायटी विकसित की है और उनमें से 77 हाइब्रिड किस्में भी है। जिसमें स्पेसलिटि कार्न भी शामिल हैं। लगभग 35 फार्टिफाइड भी है।***

**********

उत्तर प्रदेस विधान परिषद क बिसेसाधिकार समिति क अध्ययन भ्रमण के क्रम में आजु बनारस के सर्किट हाउस सभागार में समिति क एगो बइठकी आयोजित भइल। डॉक्टर जयपाल सिंह के अध्यक्षता में भइल बइठकी में समिति सतरह गो अलगि–अलगि मुद्दन पर बनारस मण्डल के अधिकारियन से जनकारी लिहलें अउर येह बारे में दिसा–निरदेस दिहलें। समिति की ओरि से पीडब्ल्यूडी, समाज कल्याण विभाग, दिव्यांगजन कल्याण विभाग, विद्युत विभाग, स्वास्थ्य विभाग के सथहीं कई गो अउरियो विभागन से कई गो मुद्दन पर सूचना मांगल गइल रहे। बइठकी में बनारस मण्डल के सज्जो जिलन क जिलाधिकारी आ अउरियो प्रमुख अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

काशी हिन्दू विश्वविद्यालय में नया सैक्षणिक सत्र दुइ हजार पचीस–छब्बीस क आजु से सुभारम्भ भइल। येह मौका पर विश्वविद्यालय क प्रोफेसर विनय कुमार पाण्डेय के अगुआई में विश्वविद्यालय परिसर के श्री विश्वनाथ मंदिर में वैदिक मंत्रोच्चार के साथे रूद्राभिषेक कइल गइल।

**********

यूपी पॉवर कार्पोरेशन, कामर्सियल कार्यन के सुविधाजनक अउर पारदरसी बनावे बदे कामर्सियल ऐप लांच कइले हौ। एहमें मीटर रिप्लेसमेंट आवेदन अउर केवाईसी से जुड़ल सज्जो कार कल जा सकी। ऐप के जरिया से ऑनलाइन मीटर के ट्रैको कइल जा सके ला।

**********

डॉक्टर शकुन्तला मिश्रा राष्ट्रीय पुनर्वास विश्वविद्यालय लखनऊ क छात्रा स्वाति अउर कनक सिंह, युगाण्डा पैरा बैडमिंटन इण्टरनेशनल टूर्नामेंट में स्वर्ण, रजत अउर कांस्य पदक हासिल कइले हइनि। प्रदेस क पिछड़ा वर्ग कल्याण अउर दिव्यांगजन ससक्तीकरण राज्य मंत्री नरेन्द्र कश्यप दुन्नो छात्रा के बधाई अउर सुभकामना देत कहलें कि प्रदेस सरकार की ओरि से दिव्यांगजन के समाज के मुख्यधारा में लेआवे बदे कइल जा रहल कोसिस साकार रूप ले रहल हौ। उहां के कहलीं कि ई बेटी ई प्रमाणित कइ दिहले हइनि कि जो त मौका, संसाधन अउर सम्बल मिले त सरीरि क सीमा सफलता में बाधा नाहीं बनि सके ला।

**********

प्रदेस के करीब सज्जो पूरबी जिलन में छिटपुट बादरन के बिच्चे तेज घाम निकलि रहल हौ। जेकरे नाते तापमान में बढ़ोत्तरी दरज कल गइल हौ। वातावरण में मौजूद नमी अउर घाम के मेल से उमस बढ़ि गइल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक अगिला तीनि दिन ले ईहे हालति बनल रही। एकरे बाद बरखा क वायुमण्डलीय परिस्थिति बनी, जेकरे नाते कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बरखा क सुरूआति होई। बरखा क ई सिलसिला एकरे बाद तीनि से चारि दिन ले रूकि–रूकि के जारी रही। ओहर मानसूनी बरखा के नाते प्रदेस के कुछु नदियन क जलस्तरो बढ़ि गइल हौ। अजोध्या में सरजू नदी क जलस्तर में लगतारे बढ़ोत्तरी दरज कइल जा रहल हौ। ओइजा सरजू नदी खतरा के चीन्हा से करीब चउबीस सेंटीमीटर उप्पर बहि रहलि हौ।

**********